**दिन–मंगलवार** **दिनांक–21.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि– 05 मिनट

---

विधानसभा चुनाव कँ दोसर आओर अंतिम चरणक लेल नामांकन पत्रक जांचक काज आइ पूर्ण भऽ गेल। एहि चरण कँ तहत एगारह नवम्बर कँ बीस जिला कँ एक सय बाईसटा निर्वाचन क्षेत्र सभ मे मतदान होयत। निर्वाचन आयोग सँ प्राप्त जनतव्यक अनुसार दोसर चरणक लेल दू हजार छओ सय सँ बेसी नामांकन पत्र दाखिल कयल गेल अछि। उम्मीदवार तेईस अक्टूबर तक अपन नामांकन वापिस लऽ सकैत छथि। हमर संवाददाता बतौलनि जे शिवहर विधानसभा क्षेत्र सँ तीन गोट उम्मीदवारक नामांकनक पत्र रद्द कऽ देल गेल अछि। ओतहि, भभुआ विधानसभा क्षेत्र सँ एक आओर चैनपुर विधानसभा क्षेत्र सँ दू गोट निर्दलीय प्रत्याशिक कँ नामांकन रद्द कयल गेल। हमर सुपौल संवाददाता बतौलनि जे जिलाक पांच टा विधानसभा क्षेत्र सँ आब उनचास गोटे चुनावी मैदान मे उम्मीदवार छथि। पिपरा विधानसभा क्षेत्र सँ आठ अभ्यर्थी कँ नामांकन रद्द कयल गेल। चारि आन विधानसभा क्षेत्र सँ कोनो उम्मीदवारक नामांकन रद्द नहि भेल।

---

पूर्वी चंपारण जिलाक सुगौली विधानसभा क्षेत्र सँ वीआईपी उम्मीदवार शशिभूषण सिंह कँ नामांकन पत्र रद्द कऽ देल गेल। हुनक नामांकन पत्र मे प्रस्तावक कँ संख्या तय मानक सँ कम छल, जाहि कारणे पर्चा रद्द कऽ देल गेल। शशिभूषण सिंह वर्तमान मे राजद कँ विधायक छथि आओर एहि बेर ओ वीआईपी के टिकट पर नामांकन दाखिल कयने छलथि।

---

वैशाली जिलाक लालगंज सीट सँ कांग्रेस उम्मीदवार आदित्य राजा अपन नामांकन वापिस कऽ लेलनि। एहि सीट पर महागठबंधनक दू घटक दल कांग्रेस आओर राजद आमने–सामने छल। कांग्रेसक उम्मीदवारक नामांकन वापिस भेलाह पर एहि सीट पर महागठबंधन सँ शिवानी शुक्ला उम्मीदवार छथि। ओ मुन्ना शुक्ला कँ बेटी छथि।

---

सासाराम सीट सँ राजद प्रत्याशी सत्येन्द्र साह कैँ नामांकन दाखिल कयलाक तुरंत बाद गिरफ्तार कऽ लेल गेल। ई गिरफ्तारी झारखंडक गढ़वा जिलाक पुलिस सासाराम पुलिसक मददि सँ कयलनि। गिरफ्तारि कैँ बाद सत्येन्द्र साह कैँ न्यायिक हिरासत मे जेल पठा देल गेल। सत्येन्द्र साह पर गढ़वा के चिरौंजिया मोड़ स्थित बैंक मे डकैतीक आरोप अछि। एहि मामिला मे हुनक खिलाफ दू हजार अठारह मे स्थाई वारंट जारी भेल छल। सासारामक एसडीपीओ कुमार वैभव बतौलनि जे पुलिस रिकॉर्ड मे सत्येन्द्र साह पर लूट, डकैती, आर्म्स एक्ट आओर धमकी जेकाँ बीस सँ बेसी अपराधिक मामिला दर्ज अछि।

---

जदयू अध्यक्ष आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ मुजफ्फरपुर कैँ मीनापुर आओर कांटी विधानसभा क्षेत्र सभ मे एनडीए उम्मीदवार कैँ समर्थन मे चुनावी सभा कैँ संबोधित कयलनि। श्री कुमार कहलनि जे दू हजार पांच मे एनडीए कैँ सरकार बनलाक बाद सँ बिहार मे अभूतपूर्व विकास भेल अछि।

---

राजदक प्रदेश अध्यक्ष मंगनी लाल मंडल कहलनि जे तेजस्वी प्रसाद यादव जल्दे चुनाव प्रचारक अभियान शुरूआत करतथि।

---

झारखंड मुक्ति मोर्चा बिहार विधानसभा चुनाव मे कोनो सीट पर अपन उम्मीदवार नहि देलक अछि। पार्टीक वरिष्ठ नेता मनोज पांडेय कहलनि जे महागठबंधनक घटक दले क रवैयाक कारणे हुनक पार्टी कोनो सीट पर अपन उम्मीदवार ठार नहि कऽ सकल। ओ कहलनि जे जे.एम.एम. कैँ महागठबंधनक हिस्सा बनब या नहि बनब ई फैसला पार्टी प्रमुख हेमंत सोरने करताह।

---

निर्वाचन आयोग बिहार विधानसभा चुनावक दरमियान राजनीतिक दल सभ आओर उम्मीदवार सभ कैँ मतदान सँ पहिने आ मतदानक दिन प्रकाशित होयबला सबटा प्रिंट विज्ञापनक लेल मीडिया प्रमाणन आओर निगरानी समिति सँ पूर्व प्रमाणन प्राप्त करबाक निर्देश देलनि अछि। आयोग द्वारा कहल गेल जे निष्पक्ष प्रचार कैँ वातावरण सुनिश्चित करबाक लेल ई निर्णय लेल गेल अछि।

---

आइ पुलिस स्मृति दिवस अछि। उन्नैस सय उनसठि मे आजुक दिन लद्दाख कँ हॉट स्प्रिंग्स मे भारी हथियार सँ लैस चीनी सैनिक द्वारा घात लगाकऽ कयल गेल हमला मे दस गोट बहादुर पुलिसकर्मी अपन प्राणक आहूति देने रहथि। एहि अवसर पर रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह नव दिल्ली स्थित राष्ट्रीय पुलिस स्मारक पर पुष्पांजलि अर्पित कयलनि। केंद्रीय मंत्री, केंद्रीय सशस्त्र पुलिस बल आ केंद्रीय पुलिस संगठनक प्रमुख सेहो शहीद सभ कँ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। एम्हर, पटना स्थित बिहार पुलिस मुख्यालय मे आयोजित कार्यक्रम मे शहीद पुलिसकर्मी सभ कँ श्रद्धांजलि देल गेल। ओतहि, विभिन्न जिला मुख्यालय मे आयोजित कार्यक्रम मे कर्तव्यक निर्वहनक दरमियान वीरगति प्राप्त पुलिसकर्मी सभ कँ श्रद्धांजलि अर्पित कयल गेल।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफएम रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।